ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚАРАӨЗЕК РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ		ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚОРАЎЗАК ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ
Қараөзек районы	№ 719/9	« 13 » сентябрь 2018-жыл.

Қараөзек тоғай хожалығына қараслы тоғайзарларда өрттиң алдын алыў ҳәм оған қарсы гүресиўди күшейттириў илажлары ҳаққында

Өзбекстан Республикасы «Тоғай ҳаққында»ғы Нызамы ("Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси", 1999 й., N 5, 122-модда)ның 32-статьясына ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы «Тоғай ҳаққында»ғы Нызамының 35-статьяларына тийкар, районда экологиялық орталықты жақсылаў ҳәм тоғайзарларды көбейтиў, өрттиң алдын алыў, оған қарсы гүресиўди күшейттириў, район аймағындағы тоғайзарларды өрттен сақлаўды тәмийинлеў мақсетинде, Өзбекстан Республикасы «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Нызамының 6-статьясына муўапық,

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Қараөзек тоғай хожалығына қараслы тоғай фонды аймағында «Тоғайзарларда өрт қәўипсизлигиниң алдын алыў» илажлары көрилсин.

2. Районлық аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими (С.Досбергенов), Қараөзек мәмлекетлик тоғай хожалығы (П.Отаров) өрт өшириў бөлими, тәбиятты қорғаў бойынша мәмлекетлик комитетиниң райондағы ўәкиллери, барлық ширкет хожалықлары, дийхан ҳәм фермер хожалықлары, аўыл пуқаралар жыйынлары баслықларына мәўсим дәўиринде тоғайзарларда өрт қәўпиниң алдын алыў, ҳайўанатлар ҳәм өсимликлер дүньясын өрт қәўпинен қорғаў, жап-салмаларды тазалаўда қамсылықларды өртемеў, тоғай аймағында қара мал ҳәм басқа майда шақлы малларды бақтырмаў бойынша айқын илажлар белгилеў тапсырылсын.

3. Тоғайларда өрттиң пайда болыўына жол қойған аўыл хожалығы кәрханалары ҳәм фермер хожалықлары басшыларына қатаң интизамий шаралар көрилетуғынлығы ескертип өтилсин.

4. Тоғайларда пайда болған өрттиң себебин анықлаў ҳәм бул бойынша оператив хабарларды район ҳәкимлигине өз ўақтында жеткерип турыў жуўапкершилиги Қараөзек мәмлекетлик тоғай хожалығы, барлық ширкет хожалықлары ҳәм де аўыл хожалығы кәрханалары басшыларына жүкленсин.

5. Қараөзек районы ҳәкиминиң 2015-жыл 23-апрель 120/4-санлы қарары («Мийнет байрағы» газетасы, 2015-жыл, 8-май, 9-сан (4134) өз күшин жоғалтқан деп табылсын.

6. Район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында ҳәм “Мийнет байрағы” газетасында рәсмий жәриялаў район ҳәкимлигиниң юрист-мәсләҳәтшиси И.Даулетмуратовқа тапсырылсын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў районлық аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы С.Досбергеновка жүклөнсин.

8. Бул шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Ҳәким **Д.Утемуратов**